

# Asistans Finansye

## Jwenn èd pou peye Fakti ou

Enfòmasyon sa a se pou nenpòt moun ki resevwa sèvis nan yon etablisman AdventHealth oswa yon pwofesyonèl swen sante ki afilye ak li. Ou kapab gade yon lis etablisman AdventHealth yo nan www.adventhealth.com. Paske nou se yon lopital konfesonèl, nou bay tout pasyan swen medikal, menm sa yo ki gen difikilte pou peye pou sèvis yo paske yo pa gen mwayen. Ou kapab mande èd pou peye fakti ou nenpòt lè pandan ou entènè lopital la oswa pandan pwosesis faktirasyon an.

### Pou Kalifye Pou Èd

Si ou resevwa sèvis ijan oswa sèvis nesesè pou rezon medikal epi ou pa gen asirans medikal nan yon asirans komèsyal oswa pwogram gouvenmantal, gen posiblite pou kalifye pou asistans finansyè. Kantite asistans la ap depann selon revni ou fè chak ane ak kantite moun nan fanmi ou. Si revni chak ane ou egal a 200% Gid Pòvrete Federal la oswa pi piti, ou kapab pa oblige peye fakti ou a (250% pou Kolorado ak Rezidan Ilinwa).

| Gid Pòvrete Federal Ane 2024                       |              |              |
|--|--------------|--------------|
| Kantite moun nan kay la                            | 200% Pòvrete | 250% Pòvrete |
| 1  | \$30,120     | \$37,650     |
| 2  | \$40,880     | \$51,100     |
| Pou chak moun adisyonèl nan kay la, ajoute \$5,380 |              |              |

Si revni ou pa nan nivo gid la pou peye tout fakti a nèt, ou kapab toujou kalifye pou resevwa èd pou peye tout fakti ou a. Ou kapab kalifye selon lòt faktè nan aplikasyon ou a tou.

### Pou Aplike Pou Èd

Ou kapab aplike pou èd pou èd ak fakti ou swa an pèsòn, pa lapòs oswa pa telefòn. Pou resevwa yon aplikasyon, rele depatman Sèvis Kliyantèl nou, vizite sit entènèt nou oswa ale nan sèvis anrejistreman pasyan nan lopital nou an. W ap jwenn nimewo telefòn, sit entènèt ak adrès nou nan seksyon asistans finansyè sou sit entènèt nou an ak sou premye paj dokiman sa a lè li enprime. Enfòmasyon sa a disponib nan lòt lang sou sit entènèt nou oswa nan sèvis anrejistreman pasyan an tou.

### Swen Ijan ak Swen ki Nesesè Pou Rezon Medikal

Si ou kalifye pou èd pou peye fakti ou, yo p ap mande ou pou peye plis pou swen ijan oswa swen ki nesesè pou rezon medikal pase sa yo mande moun ki gen asirans yo peye. Nou konpare kantite pasyan ki gen asirans ak sa konpayi asirans yo peye pou deside konbyen ou dwe. Ou kapab gade prensip charite nou sou sit entènèt nou.

### Dokiman Sipò

Si ou vle patisiye nan pwogram asistans finansyè nou an, w ap responsab pou bay enfòmasyon ak dokiman nou bezwen yo a tan. W ap bezwen pataje tout efòmasyon sou avantaj sante, revni, byen, ak nenpòt lòt bagay ki kapab ede nou deside si ou kalifye pou asistans. Dokiman nou kapab bezwen se relve labank, fòm deklarasyon taks ak sous chèk travay.

### Aktivite Koleksyon

Nou kapab voye fakti ou pa peye 100 jou apre dat premye fakti a bay yon ajans koleksyon. Nou kapab voye fakti ou pa peye 120 jou apre dat premye fakti a sou kredi ou menm oswa garan ou. Ou menm ak garan ou kapab ranpli yon aplikasyon pou aplike pou èd ak fakti ou nenpòt lè pandan pwosesis koleksyon an.

Haitian

